ASESMEN SUMATIF AKHIR SEMESTER (ASAS) GASAL
MADRASAH IBTIDAIYAH SALAFIYAH KEDUNGBANTENG
TAHUN AJARAN 2026/2027

LEMBAR SOAL	
Mata Pelajaran	**: Bahasa Jawa**
Jenjang	**: Madrasah Ibtidaiyah**
Kelas	**: V (Lima)**
Hari/Tanggal	**:**
Waktu	**: 90 Menit**

I. Pilihen aksara a, b, c, utawa d wangsulan sing bener!

Wacan kanggo soal no. 1-5

Elang si Bawa Laksana

Ana sawijining macan sing manggon ana satengahe alas. Sak wise mangan kidang, ana manuk platuk sing ana wit garing uga arep dipangan. Macan banjur menek wit garing sing di enggo nangkring manuk platuk mau, wite ambruk ngeblegi sikile macan nganti ora bisa tangi.

Macan bengok-bengok njaluk tulung. Wektu kuwi kebo ngepasi lewat. Kebo banjur nulungi macan. Wit sing ngebruki sikile macan disundhang banjur macan bisa tangi. “Matur suwun Kebo, aku koktulungi” kandhane macan. Ya padha-padha, tetulung iku wis dadi kewajiban kita kabeh, semaure kebo karo ninggalake macan. Lha kok bareng kebo mlaku, dumadakan macan mlumpat menyang gegere kebo, niate arep mangan kebo mau. Kebo banjur bengok-bengok njaluk tulung, ana manuk elang pas liwat, weruh kebo dicokot macan, ora sranta kupinge macan dicengkrem nganggo cakare lan dicucuk, macan kaged lan kelaran. Bareng kebo arep nyundhang wetenge, macan njaluk ngapuro.

1. Ana ngendi kedadean wacan ing ndhuwur?
   a. sawah b. kebon c.gunung d.tengah alas
2. Paraga sing ngendi sing ora duwe roso welas asih tur srakah?
   a. kebo b. macan c. manuk elang d. manuk platuk
3. Sak durunge arep mangan manuk platuk, macan wis mangan ….
   a. kebo b. manuk elang c. kidang d. sapi
4. Apa sing ditindakake macan sawise ditulungi dening kebo?
   a. nyokot kebo b. menek wit garing c. menyang alas d. mangan manuk platuk
5. Piwulang kang bisa kajupuk saka wacan ing dhuwur, yaiku ….
   a. Sapa sing kuat yo kuwi sing menang c. macan sing ora duwe welas asih
   b. Karo sapadha kudu saling tetulung bab kabecikan d. macan sing duwe watak srakah
6. Mas Bayu arep tindak menyang kutho Ngawi. Ukara iku kalebu jenise basa ….
   a. ngoko alus b. karma alus c. ngoko lugu d. karma lugu

LIVEWORKSHEETS

7. Ukara ing ngisor iki minangka patuladhane basa ngoko alus, **kajaba ....**

   a. Mbak Rati kondur saka pasar.
   c. Simbah lenggah karo mirsani tv.
   b. Bulik Minah nedhi pisang ambon.
   d. Budhe arep mundhut beras.

8. Kembang Blimbing jenenge ....

   a. Kroto b. Onthel c. Maya d. Ingklik

9. Ukara ing ngisor iki sing ngandhut pola J-W-L-K, yaiku ....

   a. Fajar mangan semongko inul.
   c. Kucingku turu ana ngisor kursi.
   b. Darmanto jajan permen telu.
   d. Bapak tindak menyang kantor.

10. Mukidi lagi mlaku-mlaku. Ukara iku polane ....

    a. J-W-L b. J-W-L-K c. J-W-K d. J-W

11. Cacahe wanda (kecap) saben sagatra ing tembang macapat diarani guru ....

    a. gatra b. swara c. lagu d. wilangan

12. *Ana catur mungkur*, paribasan iku tegese ....

    a. Bodho utawa pinter bisa kapusan
    c. mbangkang marang negara
    b. Ora ngrewes rerasan ala
    d. ora gelem tumindak ala

13. Kembang Krambil jenenge ....

    a. Manggar b. Karuk c. Onthel d. Maya

14. Sing dudu tembang macapat, ing ngisor iki ....

    a. pocung b. jamuran c. mijil d. gambuh

15. Simbah lagi *nonton* wayang kulit. Tembung sing kacetak miring basa kramane ....

    a. mirsani b. ndeleng c. ningali d. mirengne

16. *Wadhah lenga, gendul kopi, golek kanca ....*

    Terusane parikan ing ndhuwur, yaiku ....

    a. ngombe kopi b. ora wani c. melek bengi d. ngati-ati

17. Sapa sing nggawa tasmu kuwi? Kasebut ukara ....

    a. Pakon b. andharan c. tanggap d. pitakon

18. Dewi Suki awon manahipun. Basa ngoko lugune ....

    a. Dewi Suki elek atine.
    c. Dewi Suki luhur budine.
    b. Dewi Suki apik perilakune.
    d. Dewi Suki mulyo atine.

19. Tuladhane ukara pakon ing ngisor sing bener, yaiku ....

    a. Kenapa wingi kowe ora sekolah?
    c. Karo sapa kancamu mrene!
    b. Budhalo dhisek, aku tak nyusul!
    d. Bapakku lagi tindak pasar.

20. Anak Sapi jenenge ....

    a. Piyek b. Bledug c. Cemple d. Pedet

II. Isenana Pernyataan ing ngisor iki nganggo tembung Bener utowo Salah!

No	Pernyataan	Benar (B)	Salah (S)
1	Budhe lagi dhahar sega goreng. Sing dadi *wasesane* ukara yaiku tembung *Lagi dahar*		
2	Dhandhanggula iku kalebu tembang macapat		
3	Kembang So Jenenge mayang		

LIVEWORKSHEETS

4	Simbah kakung wetenge lara. Tembung weteng basa kramane rambut		
5	Isi Sawo yaiku kecik		
6	Mas Tono karo Mas Iwan ngombe es teh ana warung. Sing dadi *jejer,* yaiku Mas tono		
7	Mas Bayu tumbas **buku tulis** ana toko. Tembung sing digaris ngisor kadhapuk dadi katrangan		
8	*Iwak lumebu ing wuwu*, tegese wong kang gampang kapusan amarga bodho		
9	Kembang Kluwih jenenge Onthel		
10	Ibu lagi tuku obat nang apotek. Sing jejer ukara yaiku tembung Ibu		

III. Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki!

1. Apa sing di arani Teks Deskripsi?
2. Apa kang diarani pawarta?
3. Apa sing di arani Teks Narasi!
4. Coba sebutna Jinise teks Narasi!
5. Coba sebutna Arane kewan rajakaya 3 wae!

LIVEWORKSHEETS